



# *Lèt pou Ebre yo*

## **PREMYE KOZE A**

Yo toujou wè «Lèt pou Ebre yo» plis tankou yon prèch pase tankou yon lèt. Paske se sèlman nan dènye vèsè yo li pran fòm yon lèt» (Ebre 13).

«Lèt pou Ebre yo» pa ekri nan fòm nòmal yon lèt. Yo te ba li non sa a kèk lane pi ta. Nou pa konnen ki moun ki ekri l. Yo te konn di se Pòl ki ekri l, men yo pa kwè sa ankò, menm si nou kapab jwenn sa nan litiji Legliz la. Lotè a pa di non li. Nou konnen sèlman moun ki ekri l la, se manm yon kominote kote tout moun gen dwa vin pale ak Bondye (4,16; 10,22) : li konnen Ansyen Kontra a byen, epi li li l, ak limyè ki sòti nan Jezi Kri. Nou jwenn anpil bagay nan prèch sa a, ki sanble ak sa ki genyen nan Premye Lèt Pyè. Men fason li pale sou Kris la, Prèt anchèf la, nou pa jwenn li nan okenn lòt liv ki nan Nouvo Kontra a.

### **Pou ki kominote prèch sa a te fèt?**

Nou pa konnen sa byen, men gen de repons moun save yo bay sou kesyon sa a. Gen moun ki di se pou kominote Jerizalèm nan, kote anpil prèt Levi te antre nan kominote kretyen an, men yo pa t konprann diferans ki genyen ant Prèt Ansyen Kontra yo, ak Jezi ki sèl gress Prèt Nouvo Kontra a.

Gen lòt moun ki di se pou kominote Wòm nan li te fè prèch sa a, paske li te pale bon kalite lang grèk la, mwayen ki te pi bon pou fè yon mesaj nan yon kominote ki pa jwif pase nan yon kominote jwif. Sa li di sou dirijan kominote yo, se menm bagay nou jwenn

nan lèt lòt manm Legliz Wòm nan te ekri (Ebre 13,7). Epi li voye bonjou pou moun peyi Itali yo ki ansanm ak li (Ebre 13,24). Gen lòt bagay ankò ki fè pi fò moun panse se pou kominote Wòm nan li te fè prèch sa a: Premye Lèt Kleman an, ki te ekri nan vil Wòm bò lane 97, te pale sou lèt pou Ebre yo. Sa vle di kominote Wòm nan te genyen 1.

### **Kilè epi ki kote yo te ekri Lèt pou Ebre yo ?**

Pi fò moun di se bò lane 95 yo te ekri 1. Se yon moun ki nan dezyèm osinon nan twazyèm jenerasyon kretyen an ki te ekri 1 (Ebre 2,3). Premye evanjelizatè yo te gen tan mouri epi li ta posib pou yo te fè yo pase mati (Ebre 13,7). Moun ki ekri 1 la gen pwojè pou al vizite kominote a touswit (Ebre 13,23). Li vle mennen Timote avè 1. Timote te nan prizon epi yo te fèk libere 1. Poutèt Timote te dirijan Legliz Efèz la (1Tm 1,3) gen moun ki di se nan Efèz, oswa yon Legliz ki toupre 1, lèt sa a sòti. Se petèt poutèt sa yo te kwè se Pòl ki ekri 1.

### **Kijan kominote ki resevwa lèt sa a te ye ?**

- Kominote a te genyen anpil pwoblèm, ni anndan ni deyò.
- Yo te pèsekite manm li yo, yo te kase kay yo, yo te pran tout byen yo te genyen, epi yo te mete yo nan prizon, menmsi yo pa t rive touye yo (10,33-34).
- Kounye a, vin gen plis kalmi men gen kèk kretyen ki te kòmanse kite kominote a (3,12 ; 10,25). Gen kèk nan yo ki te dekouraje nèt, ki te pèdi renmen yo te genyen lè yo te batize a (10,23-24). Moun ki ekri bèl prèch sa a vle dekouraje ankouraje kretyen yo pou yo kenbe fèm nan lafwa. Li vle pou moun yo reprann fòs ak kouraj yo te genyen lontan an. Pou sa, li mande yo pou yo suiv egzanz moun ki te gen lafwa yo, ni sa ki nan Ansyen Kontra a (chapit 11), ni sa ki te anonse yo Levanjil la (13,7).

### **Men nannan mesaj ki sòti nan prèch sa a :**

**Bondye Papa a :** Se li ki kreye tout bagay. Se li ki montre bèl pwojè Lavi li genyen an nan Jezi Kri. Se li ki sove nou. Nan premye tan yo, li te pale ak Pèp li a grasa pwofèt yo, men nan dènye tan sa yo, li pale Pawòl li a ak bouch pwòp Pitit li a, Jezi Kri (1,1). Paske Papa Bondye renmen nou ak yon renmen ki pa gen limit, li ba nou lavi nan Jezi Kri. Li se Bondye Vivan an k ap mennen nou nan repo a (jou saba a ki pa janm fini an) ak Jezi (4,1-13).

**Jezi Kri:** Se li ki sèl gress Pitit Bondye a. Se li ki montre figi Bondye a toutbon (2,12). Menmsi li Bondye tankou Papa a, li rete solidè ak tout moun ki sou latè (2,17 ; 4,15). Lèt sa a bay Jezi de non ki enpòtan anpil :

- Jezi se « Pitit Papa a », Jezi se « Prèt anchèf ». Kòm Pitit Papa a, li pi wo pase tout bagay Bondye te kreye yo, li pi wo pase zanj yo tou. Epi li tankou Papa 1: li toujou la, ni ayè, ni jounen jodi a, ni demen (13,8).

– Kòm Prèt anchèf, Jezi pi wo pase tout lòt Prèt yo ki te nan Ansyen Kontra a, e li se sèl Prèt Nouvo Kontra a.

**Lespri Sen an :** Li nan mitan kominote kretyen an epi se li ki bay lavi Bondye a nan batèm nan. Se li menm ki bay moun yo kalite pou yo dirije kominote a epi pou yo fè travay Bondye a vanse (2,4). Se « Lespri Favè a » (10,29). Se li ki fè sèvis Jezi yo sakrifye a ki ban nou lavi nètale. Epi se Lespri Sen an ki fè Pawòl Bib la tounen Pawòl Bondye pou kominote yo (3,7).

**Pawòl Bondye a :** Kanta Pawòl Bondye a Lèt sa a ba nou youn nan pi bèl fraz nou jwenn anndan Bib la: « *Wi vre, Pawòl Bondye a gen lavi, li gen fòs, epi li file pase nen-pòt manchèt de bò, li kapab antre fon jis kote matyè separé ak lespri, jwenti separé ak mwèl, e li konn jije santiman ak lide ki nan kè moun.* » (4,12). Lespri Sen an te gide

moun ki ekri prèch sa a pou li dekouvri, anndan Bib la, mesaj li pote pou chak kominote, ni nan sitiyasyon yo, ni nan epòk yo viv. Li li Ansyen Kontra a ak limyè ki sòti nan Jezi Kri. Konsa li ban nou egzanz pou nou li Bib la jounen jodi a.

Epi an dènye, devan sa Jezi ye, devan lavi li, devan tout sa li te fè, ak tout sa li te di, nenpòt enstitisyon, kèlkeswa estrikti reliye oubyen sivil li ta genyen, se yon afè provizwa, li pa la pou lontan. Yo tout merite pou yo pase men ladan yo ak limyè ki sòti nan Jezi a.

***Men chapant lèt pou Ebre yo :***

- Premye Koze a (1,1-4)
- Ptit Bondye a pi wo pase zanj yo (1,5–2,18)
- Jezi Prèt anchèf ki gen kè sansib (3,1–5,10)
- Jezi se yon Prèt anchèf ki pa gen parèy (5,11–10,39)
- Lafwa ak fòs yon kretyen (11,1–12,13)
- Lavi yon kretyen (12,14–13,19)
- Benediksyon ak orevwa (13,20-25)

**Bondye pale ak nou nan bouch Pitit li**

**1** <sup>Gal 4,4; Jn 1,13; Kol 1,16</sup> Nan tan lontan, se divès fwa ak divès fason Bondye te pale ak gran gran paran nou yo, nan bouch pwofèt yo. <sup>2</sup> Dènye jou sa yo menm, se ak yon pitit li pale ak nou. Li mete l eritye tout bagay, epi se ak li, li fè tout syèk yo. <sup>3</sup> Pitit la se limyè glwa Bondye. Li se pòtre nannan sa li ye a. Li soutni tout bagay ak fòs Pawòl li. Apre li fin wete salte peche yo, li chita adwat gwo oto-rite a, anlè, anlè nèt.

**Pitit Bondye a pi siperyè pase zanj yo**

<sup>Flp 2,9</sup> <sup>Sòm 2,7; 28am 7,14</sup> <sup>4</sup> Li vin pi siperyè pase zanj yo, e pi rèd toujou paske li vin eritye yon non ki pi fò lontan pase pa yo. <sup>5</sup> Reyèlman vre, kilès pamì zanj yo, li janm di: «Pitit mwen, se ou menm, mwen menm, jodi a, mwen anfante w»?

Ou byen ankò:

«M a yon papa pou li, epi l a yon pitit pou mwen?»

<sup>Dt 32,43; Sòm 97,7</sup> <sup>6</sup> Ou byen toujou, lè pou l fè premye pitit li a antre sou tè a, li di:

«E se pou tout zanj Bondye yo mete ajenou devan l.»

<sup>Sòm 104,4</sup> <sup>7</sup> Pou zanj yo menm, li di:

«Li fè zanj li yo tankou lespri. Li fè sèvitè li yo tankou flamm dife.»

<sup>Sòm 45,7-8</sup> <sup>8</sup> Men, pitit la menm, li di l:

«Fotèy ou a, Bondye o, pou toutan, san rete.» Epi: «Baton kòmandman w

**1,1-4:** Vèsè sa a se youn nan vèsè ki pi fò moun reflechi nan tout Nouvo Kontra an: Bondye di dènye Pawòl li a ak bouch Jezi Kri, li menm ki Pawòl Bondye vivan an. Pwojè lavi Bondye genyen an rive bout nèt nan Jezi Kri. Se Kris la ki fè tout bagay egziste epi se li ki sove yo. Li gen menm pouwva ak Papa a epi kounye a, li jwenn tout konpliman nan syèl la, li gen plis pouwva pase tout zanj yo.

Jezi se Pitit Bondye alòske zanj yo se sèlman mesaje Bondye yo ye. Anpil fwa nou mete nan tèt nou, lide yon Bondye ki lwen nou. Nou deja genyen Jezi ki rete kole nèt ak Bondye Papa a (1,5-14) epi an menm tan li toupre moun yo, gason ak fi yo, epi li solidè ak yo (2,5-18). Sen yo se temwen ki te kenbe fèm nan swiv Kris la epi yo vin tounen egzanp vivan ki pouse nou suiv

se baton sa ki dwat. <sup>9</sup> Ou te renmen sa ki kòrèk, e ou te rayi sa ki mal. Se pou-tèt sa, se ou menm Bondye w la fwote ak lwil kè kontan an pase asosye w yo.»

<sup>10</sup> Epi:

«Granmèt o, nan premye kòmans-man an, se ou ki te fè fondasyon tè a, e syèl la se travay men w. <sup>11</sup> Yo menm, yo pral peri, men ou menm w ap rete la. Yo tout ap vin vye tankou rad. <sup>12</sup> Ou pral vlope yo tankou yon palto. Tan-kou rad, yo pral chanje yo. Men ou menm, ou rete menm jan, e lane w yo p ap fini.»

<sup>13</sup> Men, kilès nan zanj yo, li janm di:

«Chita adwat mwen jis mwen mete lènmi w yo tankou yon ti ban anba pye w.»?

<sup>14</sup> Èske yo tout se pa lespri ki nan sèvis, yo voye okipe moun ki gen pou eritye delivrans lan?

**Kenbe pawòl nou tande a byen**

**2** <sup>1</sup> Poutèt sa, se pou nou kenbe pa wòl nou te tande yo pi fèm toujou, pou nou pa pèdi wout. <sup>2</sup> Reyèlman vre, si pawòl zanj yo te pale a te gen valè, e tout moun ki te dezobeyi l, ki pa t koute l, te jwenn pinisyon yo te merite a, <sup>3</sup> kouman nou menm, nou ta fè chape, si nou meprize kalite delivrans sa a? Granmèt la te kòmanse preche l, epi moun ki te tande l yo, fè li gen valè

<sup>Sòm 102,26-28</sup>

<sup>Sòm 110,1; T Ap 2,33</sup>

<sup>Mt 4,11; 18,10</sup>

<sup>Gal 3,19</sup>

tras Jezi pou nou tabli Gouvènman Bondye a sou tè a ansanm ak li.

**1,5-14:** Pa gen konparezon ant Jezi ak zanj yo: Zanj yo se sèvitè, mesaje Bondye. Men Jezi Kri li menm se pwòp pitit Bondye. Konsa li piplis, pi wo pase tou sa Bondye fè yo. Jezi, nan leve byen vivan l lan, te antre nan glwa, epi li merite nou adore l, menm jan ak Bondye, paske li pataje menm kondisyon ak Bondye.

**2,1-4:** Dapre tradisyon jwif la, zanj yo te pote Lalwa Moyiz la bay moun. Konsa yo vle montre jan se yon gran bagay, jan li enpòtan. Poutèt sa, tout moun blije obeyi l pou toutan nèt. Si yo pa obeyi l, y ap rale chatiman Bondye sou tèt yo. Lalwa sa a te tounen yon chay pou moun. Men Jezi gen piplis pouwva pase Lalwa. Li menm li

<sup>Mk 16,17;</sup>  
<sup>1Kor 12,11;</sup>  
<sup>2Kor 12,12</sup> pou nou. <sup>4</sup>Nan afè sa a, Bondye sèvi temwen ansam ak yo nan mirak, nan mèvèy, nan tout kalite gwo pouvwa, e ak favè Lespri Sen an separe jan sa fè l plezi.

### Jezi desann byen ba, yo leve l byen wo

<sup>Kol 2,15</sup> <sup>Sòm 8, 5-7</sup> <sup>5</sup>Reyèlman vre, tè ki pral vini an, sa n ap pale a, se pa sou zòd zanj yo li mete l. <sup>6</sup>Gen yon kote yo di laverite sou sa :

<sup>1Kor 15,25;</sup>  
<sup>Ef 1,20</sup>

« Sa moun ye, ki fè w sonje l, oubyen ptit gason moun, ki fè w okipe li <sup>7</sup>Ou bese l ti kras pi ba pase zanj yo. Se glwa ak onè ou ba li pou sèvi l kouwòn. <sup>8</sup>Ou mete tout bagay anba pye l yo. »

<sup>Flo 2,6</sup> Konsa lè li mete tout bagay sou zòd li, li pa kite anyen ki pa sou zòd li. Kounye a menm, nou poko wè tout bagay sou zòd li. <sup>9</sup>Men Jezi ki te desann yon ti kras pi ba pase zanj yo, nou wè l jwenn glwa ak lonè kòm yon kouwòn poutèt soufrans lanmò l. Konsa, ak favè Bondye, se pou tout moun li goute lanmò.

### Jezi se frè tout moun

<sup>Wm 11,36;</sup>  
<sup>1Kor 8,6;</sup>  
<sup>Jn 17,19</sup>

<sup>10</sup>Reyèlman vre, Sila pou ki tout bagay fèt la epi ki fè tout bagay la, antan l ap fè anpil ptit jwenn glwa, se te tou nòmal, pou li te fè chèf delivrans yo a, fin anfòm nèt nan soufrans.<sup>11</sup>Se poutèt sa, ni Sila ki t ap fè moun vin sen an, ni moun yo ki te vin sen yo, yo tout sòti

se Ptit la, pwòp pawòl Bondye a ki tounen moun. Levanjil Jezi Kri a mete nou fon nan Pwojè Bondye a plis pase nenpòt ki Lalwa, paske li montre nou ki kalite renmen ak kè sansib Bondye genyen pou tout moun. Se revelasyon Bondye sa a, nan Jezi Kri, apot yo te preche, epi Lespri Sen an te kore l ak anpil pouvwa.

**2,5-18** : Pa gen konparezon ant sa Jezi te fè pou nou ak sa nenpòt ki lòt moun kapab fè. Lalwa Moyiz la pa t kapab louvri pòt lavi toutbon an bay moun. Fòk yon moun ki te gen pouvwa te vin detwi sa fòs mal la ak peche te fè nan nou menm ak nan tout sa Bondye te kreye yo, epi pou rebati sa Bondye te fè nan kòmansman an. Kòm Jezi se moun, li te aksepte viv nan menm

menm kote. Se rezon sa a ki fè, li pa wont rele yo frè, <sup>12</sup>lè li di :

<sup>Mt 28,10;</sup>  
<sup>Jn 20,17;</sup>  
<sup>Sòm 22,23</sup> « Mwen pral fè frè m yo konnen non w. Nan mitan reyinyon an mwen pral chante kantik pou ou. »

<sup>Iz 8, 17-18</sup> <sup>13</sup>Epi yon lòt kote li di : « Mwen menm, mwen pral fè l konfyans. » Epi yon lòt kote toujou : « Men, mwen ansam ak ti ptit Bondye ban mwen yo. »

<sup>14</sup>Konsa, poutèt ptit yo te gen menm san ak menm kò, li menm tou li patisipe nan menm bagay sa yo. Konsa, poutèt lanmò l, li kraze sila ki te gen pouvwa lanmò a, sa vle di dyab la.

<sup>15</sup>E li delivre tout moun sa yo ki, pou tout tan yo t ap viv, te nan esklavaj poutèt kè sote lanmò a. <sup>16</sup>Li klè tout-bon vre, li pa pran ka zanj yo, men se ka ras Abraram li pran. <sup>17</sup>Se pou sa, li te oblige samble ak frè l yo tout jan, dekwa pou li te tounen yon Prèt anchèf ki gen kè sansib, e ki merite konfyans nan afè Bondye pou li te kapab peye pou peche pèp la. <sup>18</sup>Konsa, poutèt li soufri li menm menm lè yo seye li, li kapab ede moun y ap seye yo.

### Yo konpare Jezi ak Moyiz

**3** <sup>1</sup>Konsa, frè ki sen yo, nou menm ki fè pati moun Bondye nan syèl la rele yo, gade Jezi byen, apot ak prèt anchèf deklarasyon lafwa nou, <sup>2</sup>li menm ki rete serye ak Sila ki mete l kote li ye a, tankou Moyiz te ye nan tout kay li a. <sup>3</sup>Reyèlman vre, li merite

<sup>Wm 8,3;</sup>  
<sup>Saj 2,24;</sup>  
<sup>1Jn 3,8</sup>

<sup>Iz 41, 8-9</sup>

<sup>Res 12,7</sup>

<sup>2Kor 3,7</sup>

sitiyasyon soufrans ak moun. Konsa li te tounen frè san nou an epi li te chaje tout pwoblèm ak traka nou yo sou do l.

Nan tout Nouvo Kontra a, se sèlman lèt pou Ebre yo ki rele Jezi Prèt epi Prèt anchèf. Kòmsi, nan mo sa a li vle konsantre tout diyite Jezi genyen ni kòm moun, ni kòm Sovè. Prèt sa a gen kè sansib ak yon renmen san limit pou pechè yo, pou pòv yo ak moun yo mete sou kote yo (Matye 9,36). Epi se kè sansib sa a ki fè li vin Prèt Bondye fè konfyans. Men renmen ak kè sansib sa a Jezi genyen an se sèl nan Bondye li menm li te kapab sòti.

**3,1-6** : Moun ki ekri Lèt sa a voye je li kounye a sou kretyen yo li rele « frè ki sen yo ». Sa vle di, moun ki te viv eksperyans delivrans lan nan

plis konsiderasyon pase Moyiz, menm jan moun ki bati yon kay merite plis konsiderasyon pase kay la. <sup>4</sup>Reyèlman vre, tout kay gen yon moun ki bati l, men Sila ki fè tout bagay la se Bondye. <sup>5</sup>Moyiz te merite konfyans nan tout kay li a, tankou yon sèvitè, pou li te sèvi temwen pou pawòl yo ta pral pale yo. <sup>6</sup>Kris la menm, se tankou yon pitit li twouve li alatèt kay li a. Se nou menm ki kay li a, si nou kenbe aspirans ak fyète lespwa a fèm jis nan dènye bout.

<sup>1Kor  
3,9;  
Ef2,19;  
1Pvè  
2,5</sup>

### Lafwa ak antre nan repo Bondye a

<sup>Sòm  
95,7-11</sup>

- <sup>7</sup>Se poutèt sa, jan Lespri Sen an di a,
- «*Jodi a, si nou tande vwa l,*
- <sup>8</sup>*pa kite kè nou vin di tankou nan tan rebelyon an, lè yo t ap sonde mwen nan dezè a,*
- <sup>9</sup>*lè gran gran paran nou yo t ap sonde mwen, yo t ap seye mwen e yo te byen wè travay mwen,*
- <sup>10</sup>*pandan karant lane. Se poutèt sa, mwen move kont jenerasyon sa a, e mwen di: ‘Se toutan kè yo ap pran move wout, yo pa konn chemen pa mwen yo.’*
- <sup>11</sup>*Konsa nan kòlè m, mwen sèman-te: nanpwen jou pou yo antre nan repo mwen an.»*
- <sup>12</sup>*Frè mwen yo, atansyon pou pa*

lanmò Kris la, epi ki déjà te montre lafwa yo genyen nan «Prèt sa a ki sèvi kòm Entèmedyé» pou delivrans sa a, nan seremoni Legliz yo.

Li envoie moun yo pou yo fè komparezon ant otorite Pawòl Delivrans «Apot Jezi», ki vle di «Jezi mesaje Bondye (Sòm 22,23 ; Mal 2,7), epi Prèt anchèf, te pote ban nou ak otorite ki te pi enpòtan nan pèp Izrayèl la, Moyiz.

Toulede te serye nèt nan travay Bondye a, epi toulede te kominike byen ak Bondye. Men sèvitè a se youn, Pitit la se yon lòt. Youn te fè sèvis li kòm «sèvitè» oubyen jeran nan kay Bondye a li pa te bati. Alòske Jezi se «Pitit» mèt kay la li ye. Se li ki bati «kay tounèf la» ansanm ak Bondye, epi se li menm menm ki dirije l. *Epi kay sa a ki chita sou konfyans ak sou lespwa nan Bondye a, se nou menm* (vèsè 6).

**3,7-14:** Lèt pou Ebre yo se tankou yon rèl pou di kominote kretyen an kenbe fèm nan lafwa nan Kris la. Flanm ak kouraj kretyen premye jenerasyon yo sanble te besè e se dekorajman, fatig, epi menm dout ki te anpare yo.

gen yon moun pamì nou ak yon kè ki pa bon, san lafwa, jouk pou li ta vire do bay Bondye ki vivan an. <sup>13</sup>Okontrè, se pou youn ankouraje lòt chak jou, tou-totan jodi sa a vo, pou pèsonn pamì nou pa kite kè li vin di akòz peche ki twonpe l. <sup>14</sup>Reyèlman vre, nou fin tou-nen asosye Kris la, si konfyans nou te genyen nan kòmansman an nou kenbe l fèm jis nan dènye bout. <sup>15</sup>Lè yo di:

<sup>2Tes  
2,10</sup>

<sup>Fip  
3,12</sup>

«*Jodi a si nou tande vwa l, pinga nou kite kè nou vin di tankou nan tan rebelyon an»,*

<sup>16</sup>kilès atò, ki te fè rebelyon, lè yo te fin tande a? Èske se pa t tout moun Moyiz te fè sòti kite Lejip la? <sup>17</sup>Kont kilès li te move pandan karant lane a? Èske se pa kont moun ki te fè peche yo, sa kadav yo te tonbe nan dezè a? <sup>18</sup>Kont kilès li te sèmante yo p ap antre nan repo li a? Èske se pa sila yo ki te dezobeyi? <sup>19</sup>E nou wè yo pa t kapab antre poutèt yo pa t gen lafwa.

<sup>Res  
14,29;  
Jn6,58;  
1Kor  
10,5</sup>

**4** <sup>1</sup>Konsa, antan pwomès pou antre nan repo li a toujou la, se pou nou pè pou youn nan nou pa konprann li rive twò ta. <sup>2</sup>Se vre, nou resevwa Bon Nouvèl la menm jan ak yo. Sèlman, pawòl yo te tande a pa t itil yo, paske yo pa t asosye ansanm ak moun ki te

Moun ki ekri Lèt sa a, olye li rele yo li menm ak pawòl li, li fè Lespri Sen an pale ak yo dirèk dirèk, nan Sòm 95,7-11 : «*Si nou koute vwa li jodi a...»* (v. 7), Lespri Sen an pale dirèk dirèk ak kominote a epi li di sa ki te pase moun Izrayèl yo ki pa te kenbe fèm nan lafwa nan Bondye, lè yo te nan dezè a.

Tèm Egzòd la te vini souvan nan sa Legliz premye tan yo te montre moun yo. Yo te konsidere kominote kretyen an kòm nouvo pèp Bondye a k ap mache nan yon «nouvo egzòd» nan direk-syon yon repo pou toutan. Nou di se nan Peyi kote Bondye Wa a n a jwenn repo sa a.

**4,1-13 :** Menmsi wout la difisil, li jwenn limyè ki klere l pou l rive nan pwomès repo a. Pwomès repo yo te fè pèp jwif la gen valè toujou epi li fè pati repo Bondye a, yon bagay ki fè n sonje setyèm jou kreyasyon an, lè Kreyatè a te repoze l (Jenèz 2,2). Nan lang ebre se «Sabbat» (Samdi) ki vle di repo. Jwif yo te wè nan jou sa a, yo mete apa pou Bondye a, pòtre lavi k ap vini an, ki pral chaje nèt ak favè Bondye a.

<sup>Sòm  
95,11</sup> koute nan lafwa yo. <sup>3</sup>Konsa, nou menm ki gen lafwa, n ap antre nan repo a. Paske menm jan li te di:

<sup>Jen 2,2</sup> «*Kòm mwen fè sèman nan kòlè m, yo p ap janm antre nan repo mwen an.*»—menm si se sèten, travay la te fin fèt depi fondasyon tè a.—<sup>4</sup>Paske, gen yon kote, sou setyèm jou a li di: «*Epi setyèm jou a, Bondye poze ak tout travay li fè.*» <sup>5</sup>Men nan menm kote sa a toujou li di: «*Nanpuwen jou pou yo antre nan repo mwen an.*»

<sup>Sòm  
95,7-8</sup> <sup>6</sup>Konsa, kòm li klè gen moun k ap antre ladan, men moun ki te resevwa Bon Nouvèl la an premye, yo pa t antre poutèt rebèl yo te fè a, <sup>7</sup>li tounen mete yon jou, yo rele jodi a, lè li di nan bouch David, apre anpil tan, jan nou sot di a:

«*Jodi a, si nou tandem vwa l, pinga nou kite kè nou vin di.*»

<sup>Joz  
22,4</sup> <sup>8</sup>Reyèlman vre, si Jozye te fè yo antre nan repo a, li pa ta pale sou yon lòt jou apre sa. <sup>9</sup>Konsa, gen yon repo setyèm jou pou pèp Bondye a. <sup>10</sup>Se vre, moun ki antre nan repo li a, poze ak travay pa li tou, tankou Bondye poze ak pwòp travay pa li yo. <sup>11</sup>Konsa, an nou prese antre nan repo sa a, pou pa gen moun ki peri nan swiv menm egzanp rebelyon an. <sup>12</sup>Wi vre, Pawòl <sup>Ap  
14,13</sup> <sup>Ef 6,17;  
Saj  
18,25</sup>

Reyèlman vre, sa a se «pwomès» yo te fè pèp jwif la, menmsi nan kòmansman yo te kwè se pwomès pou tè sa a yo t ap pale sèlman, oswa pou yo vin mèt Palestin. Konsa, lè yo te vin mèt tè a, Pawòl Bondye a te kontinye ankouraje yo pou yo rete fidèl, pou yo pa kite ni plezi, ni lanvi pouwva, ni lanvi richès pran kè yo. Se konsa yo kapab antre yon jou nan repo Bondye a ki p ap janm fini.

Bon Nouvèl sa a, se li menm menm y ap anonez nou, jounen jodi a, kote yo mande nou pou nou resevwa li touswit, epi pou nou pran reskonsabilite nou nan lafwa.

Nou pa fèt pou nou jwe ak Pawòl Bondye a. Se pa menm bagay ak pawòl moun. Pawòl Bondye a se yon pawòl vivan, ki pote bon fwi. Li menm jan ak yon manchèt (Izayi 49,2), li file. Li jije, li fè moun yo wè diferans ki genyen ant sa ki bon ak sa ki mal. Li mande kont. Li sonde kè moun. Li jije nou, epi, sitou, li sove moun ki resevwa li ak lafwa.

Bondye a gen lavi, li gen fòs, epi li file pase nenpòt manchèt de bò, li kapab antre fon jis kote matyè separé ak lespri, jwenti separé ak mwèl, e li konn jije santiman ak lide ki nan kè moun. <sup>13</sup>Pa gen anyen nan sa yo kreye ki kache devan l, men yo dekouvri tou-touni devan je Sila nou gen pou nou rann li kont lan.

<sup>Jer  
17,10;</sup>  
<sup>Sòm  
139;</sup>  
<sup>Wm  
14,12</sup>

### Nou gen yon Prèt anchèf

<sup>14</sup>Konsa, kòm nou gen yon prèt anchèf ki siperyè, ki travèse syèl la, Jezi, Pitit Bondye a, an nou kenbe deklarasyon lafwa nou fèm. <sup>15</sup>Reyèlman vre, nou pa gen yon prèt anchèf ki pa kapab pa santi feblès nou fè l kichòy, li menm yo seye tout jan, menm jan ak nou, sòf nan peche. <sup>16</sup>Konsa, an nou pwoche ak asirans bò kote fotèy favè a, pou nou jwenn pitye ak favè, pou ede nou lè bezwen an prezante.

<sup>Gal 4,4;  
2Kor  
5,21;  
Jn 8,46</sup>

<sup>10,19</sup>

### Prèt anchèf la se Kris la

**5** <sup>1</sup>Reyèlman vre, tout prèt anchèf se nan pamí moun yo pran l, yo mete l okipe afè Bondye pou moun, dekwa pou li ofri kado ak sa yo sakrifye pou peche yo. <sup>2</sup>Li kapab gen kè sansib pou moun ki pa konnen yo ak moun ki nan erè yo, paske li menm tou, feblès vlope l. <sup>3</sup>Se poutèt sa, li dwe ofri sa yo konn <sup>Lev 9,7</sup>

<sup>8,3</sup>

**4,14-16**: Pòt «repo saba Bondye a» deja louvri, epi la nou genyen yon Prèt anchèf ki te antre nan syèl la, Jezi, Pitit Bondye a (v. 14) ki garanti pou nou. Epi se li ki soutni nou pou nou kenbe fèm nan chemen lavi a.

Nan Jezi, Bondye montre kè sansib li a nètale. Jezi se kè sansib Bondye a ki tounen yon moun vivan. Li viv esperyans kondisyon moun nou menm nou viv. Menm jan ak nou, yo te seye l tout jan (v. 15). Nan lavi Jezi, se pa yon sèl fwa yo te sonde l: se tout lavi l, yo te sonde l, menm jan ak nou. Nan tout bagay, sòf nan peche (v. 15). Se sa ki fè li konprann feblès nou, li konnen ak ki matyè nou fèt.

Kounye a, li chita nan bëltè li, sou fotèy favè a (v. 16) nou pa ta kapab gen yon pi bon avoka pase l.

**5,1-10**: De mak fabrik Prèt anchèf sa a se relasyon pitit li genyen ak Bondye, epi relasyon frè li genyen ak pechè yo.

<sup>28,1</sup> sakrifye pou peche yo, pou tèt pa li, menm jan ak pou pèp la. <sup>4</sup>Pèsonn pa bay tèt li plas sa a, men se Bondye ki rele li tankou Arawon.

<sup>Sòm 2,7</sup> <sup>2,7</sup> Menm jan tou, se pa Kris la ki te bay pwòp tèt li glwa pou l vin prèt anchèf, men se Sila ki di li:

« *Pitit mwen, se ou menm. Mwen menm mwen anfante w jodi a.* »

<sup>Sòm 110,4</sup> <sup>110,4</sup> Konsa tou, yon lòt kote li di:

« *Ou se prèt pou toutan, dapre modèl Mèlkisedèk la.* »

<sup>Fp 2,8; 17,19</sup> <sup>17,19</sup> <sup>10.26; 12,25; 1Jn 5,16</sup> <sup>1Pyè 2,2</sup> <sup>1Kor 3,1; 1Pyè 2,2</sup> <sup>1Kor 2,6; Fp 1,10</sup> Lè li tap viv sou tè a, se ak gwo rèl epi se ak dlo nan je, li te konn lapriyè, epi li te konn kònèn zòrèy Sila ki te kapab sove li anba lanmò. Epi li koute l poutèt jan li gen respè pou Bondye. <sup>8</sup>Malgre li se Pitit, se nan soufrans li aprann obeyi. <sup>9</sup>Vini li vin bon nèt, li tounen kòz delivrans ki toujou la a, pou tout moun ki obeyi l, <sup>10</sup>e Bondye rele li Prèt anchèf, dapre modèl Mèlkisedèk la.

### Fòk nou vin patizan Jezi Kri ki fin bon nèt

<sup>11</sup>Sou koze sa a nou gen anpil pawòl pou nou pale, men yo difisil pou esplike, paske nou menm nou vin parese pou nou koute. <sup>12</sup>Reyèlman vre, depi toutan sa a nou te dwe pwofesè. Men nou tounen bezwen yo montre nou premye leson nan koze Bondye yo. Nou vin nan sitiyasyon kote se lèt nou bezwen, se pa gwo manje. <sup>13</sup>Se vre, tout moun ki nan bwè lèt pa gen esperyans nan konnen pawòl ki kòrèk la, paske se ti bebe li ye. <sup>14</sup>Men gwo manje se pou moun ki fin granmoun, moun ki gen abitid sèvi ak bon konprann yo pou rekonèt sa ki byen ak sa ki mal.

**5,11–6,20**: Goute manje se kòm yon siy ki bay bon konprann.

Moun ki ekri Lèt sa a gade kretyen yo kòm moun ki fin bon nèt nan fè diferans ant sa ki byen ak sa ki mal. Yo te rive nan degré sa a, apre plizyè bout chemen yo te fè pou rantre nan lavi kretyen an, sòti depi nan regrett yo te regrett pe-

**6**<sup>1</sup>Poutèt sa, antan n ap kite premye leson sou Kris la dèyè, an nou monte nan koze ki pi siperyè, san nou pa tounen sou baz kesyon an, tankou: chanje kè sòti nan zèv ki mouri yo, lafwa nan Bondye, <sup>2</sup>tankou leson sou batèm, poze men sou tèt moun, leve sòti nan lanmò, ak jijman pou toutan. <sup>3</sup>Se sa nou pral fè si Bondye pèmèt nou. <sup>4</sup>Reyèlman vre, li pa posib pou moun ki déjà jwenn limyè a yon fwa pou tout, ki fin goute kado ki sòti nan syèl la, ki fin jwenn pòsyon pa yo nan Lespri Sen an, <sup>5</sup>ki fin goute bél pawòl Bondye ak bél mèvèy tan k ap vini an, <sup>6</sup>epi ki tonbe kanmenm, li pa posib pou yon lòt fwa, yo fè yo tounen tounèf nan chanje kè yo, yo menm ki, pou pwòp kont pa yo, klosure Pitit Bondye a yon lòt fwa ankò anwo kwa a, epi yo pase l nan rizib. <sup>7</sup>Reyèlman vre, lè yon tè fin bwè lapli ki tonbe sou li souvan, epi li pouse yon bon plant itil pou sila yo k ap travay li a, se benediksyon li resevwa nan men Bondye. <sup>8</sup>Men yon tè ki bay pikan ak raje, li pa itil epi li san lè pou yo madichonnen l. Fen li, se boule pou yo boule l. <sup>9</sup>Men pou nou menm nou renmen anpil la, malgre n ap pale konsa, nou sèten sa pi bon pou nou epi nou pre delivrans lan. <sup>10</sup>Paske Bondye pa fè lenjistikòmkwa pou li ta blye travay nou ak renmen nou montre pou li, lè nou t ap okipe moun ki sen yo, epi nou kontinye ap okipe yo. <sup>11</sup>Men nou ta vle pou chak moun pamí nou montre menm devouman an jis nan bout, pou lespla nou vin reyalize nèt, <sup>12</sup>pou nou pa vin parese, men pou nou pran egzanp sou sila yo ki rive eritye pwomès yo, poutèt lafwa yo ak anpil pasyans.

che yo, pase nan batèm nan, nan kado Lespri Sen an lè apot yo poze men sou tèt yo.

Lè yo jete lank batiman nan lanmè, li touche tè e sa kenbe batiman an fèm. Se konsa tou lespla nou se tankou lank batiman ki fè nou kapab rive kote Jezi Kri ye, kote li vin gran Prèt.

**Pwomès Bondye fè nou—Lespwa nou**

<sup>13</sup> Lè Bondye t ap fè Abraram pwo-mès la, kòm li pa t gen pèsonn pi wo pase l pou li ta sèmante sou li, se sou pwòp tèt pa l li sèmante. <sup>14</sup> Li di:

<sup>Jen 22,17</sup> «Anverite, m ap beni w byen beni, epi m ap fè w vin anpil, anpil.»

<sup>Wm 4,20</sup> <sup>15</sup> Epi se nan pran pasyans konsa, li rive jwenn sa yo te pwomèt la. <sup>16</sup> Reyèl-man vre, moun sèmante sou sa ki pi wo pase l, epi sèman an se garanti ki mete fen nan tout diskisyon yo kapab genyen ant yo menm. <sup>17</sup> Konsa, lè Bondye te vle montre piplis toujou devan eritye pwomès yo, volonte li pa chanje, li sèvi ak garanti yon sèman, <sup>18</sup> dekwa pou ak de sèl bagay ki pa kapab chanje, nan yo li pa posib pou Bondye bay manti, nou jwenn gwo ankourajman, nou menm k ap prese kenbe lespwa ki devan je nou an byen di. <sup>19</sup> Nou genyen li kòm yon lank batiman pou nanm nou: li fèm, li solid, li antre dèyè rido a, <sup>20</sup> kote Jezi antre pou nou kòm yon moun ki pran devan, li menm ki vin prèt anchèf pou toutan, dapre modèl Mèlkisedèk la.

**Mèlkisedèk**

<sup>Jen 14, 17-20</sup> **7** <sup>1</sup> Wi, Mèlkisedèk sa a, wa Salèm, prèt Bondye ki anwo a, al rankontre Abraram lè li t ap retounen apre li te fin bat wa yo, epi li te beni Abraram.

**7,1-28**: Lè moun ki ekri Lèt sa a di: «Jezi se Prèt anchèf», li konnen kretyen jwif yo ap reponn li tousuit: «Men Jezi pa sòti nan branch fanmi Levi. Li sòti nan branch fanmi Jida» (Paske nan pèp jwif la prèt yo sòti nan branch fanmi Levi).

Mèlkisedèk: Se yon Prèt ki pa t menm Jwif, li te sòti nan yon pép etranje; Bib la pa ban nou non zansèt li yo, men li klè li pa t sòti nan branch fanmi Levi. Menm jan ak Mèlkisedèk, Jezi pa gen yon branch fanmi ki fè li tounen Prèt, li sòti nan Bondye menm.

b) *Jezi piplis pase tout prèt ki te sòti nan branch fanmi Levi yo.* Prèt, pitit Levi yo te rese-vwa ladim nan men frè yo (Detewonòm 14,22); men Abraram, ki zansèt Prèt pitit Levi yo, te peye ladim bay Mèlkisedèk (Jenèz 14,18). Sa vle di Prèt, pitit Levi yo pi ba pase Mèlkisedèk. Jezi se Prèt tankou Mèlkisedèk, ki pa peye okenn

<sup>2</sup> Abraram te ba li yon pòsyon sou dis nan tou sa l te genyen. Premye bagay non li vle di se: wa jistis. Apre sa se: wa Salèm, ki vle di: wa ki bay kè poze.

<sup>3</sup> Li pa gen ni papa, ni manman, ni lis <sup>Jn 7,27</sup> non zansèt li. Li pa gen jou li fèt epi lavi li pa gen bout. Men li sanble ak Pitit Bondye a, e li rete prèt pou toutan. <sup>4</sup> Kalkile ki kalite pèsonaj li ye, pou Abraram ba li yon pòsyon sou dis nan pi bon bagay li te pran nan lagè a, li menm ki premye papa pèp la.

<sup>5</sup> Moun ki sèvi kòm prèt pamitit Levi yo, yo gen lòd pou yo pran yon pòsyon sou dis nan byen pèp la, dapre Lalwa, sa vle di byen frè yo ki sòti tou nan ren Abraram. <sup>6</sup> Men sila ki pa t gen menm lis zansèt ak yo a, pran yon pòsyon sou dis nan byen Abraram epi li beni sila ki te resevwa pwomès la.

<sup>7</sup> Nanpwen dezakò sou sa: se sa ki pi ba a, ki jwenn benediksyon nan men sa ki pi wo a. <sup>8</sup> Bò isit, se moun k ap mouri yo ki resevwa yon pòsyon sou dis nan byen yo. Bò laba menm, se sila yo deklare li vivan an. <sup>9</sup> Konsa yo kapab di: nan ka Abraram lan, menm Levi ki resevwa yon pòsyon sou dis la, te bay li tou. <sup>10</sup> Reyèlman vre, li te nan ren gran papa li toujou, lè Mèlkisedèk te al rankontre Abraram lan.

**Prèt anchèf menm jan ak Mèlkisedèk**

<sup>Sòm 110,4</sup> **11** Men si sèvis prèt Levi yo te yon

moun ladim, sa vle di Jezi piplis pase Prèt Levit yo tou.

c) *Travay Jezi bay pi bon rezulta pase travay Prèt, pitit Levi yo.* Prèt, pitit Levi yo ak tout Lalwa yo, yo pa reyiśi mete moun an relasyon nètallo-le ak Bondye; se te yon Lalwa ki pa t pote bon rezulta, sa vle di ki pa t reyalize misyon I. Men Jezi Prèt anchèf te mete nou nan tèt kole nèt ak Bondye.

d) *Jezi sèl gress Prèt la :* Te gen yon pakèt Prèt, pitit Levi, epi yo te fè sèvis yo pou yon tan fikse pou sa. Kòm yo te anpil, Prèt, pitit Levi yo, te kapab separe travay la, epi lè yo mouri, youn ranplase yo. Men Prèt anchèf nou an se sèl gress Prèt la li ye epi l ap viv pou toutan.

e) *Jezi, Prèt ki pa fè peche a :* Prèt Levi yo se pechè yo te ye, alòske Jezi, Prèt pa nou an ofri tèt li kòm víktim san tach, paske li pa janm fè peche.

travay ki bon nèt—se poutèt li pèp la jwenn Lalwa a—poukisa atò yon lòt kalite prêt bezwen parèt ankò dapre modèl Mèlkisedèk la, epi yo pa di dapre modèl Arawon an? <sup>12</sup>Se konsa, si kalite sèvis prêt la chanje, yon chanjman nan Lalwa a vin nesesè tou. <sup>13</sup>Reyèlman vre, moun y ap pale a, lè yo di bagay sa yo, se nan yon lòt fanmi li sòti, kote pèsonn pa nan sèvis lotèl. <sup>14</sup>Wi, li klè se nan Jida Granmèt nou an sòti, epi Moyiz pa di anyen sou fanmi sa a nan afè prêt yo. <sup>15</sup>Li pi klè toujou si yon lòt prêt parèt ki sanble ak Mèlkisedèk, <sup>16</sup>li pa vin prêt dapre yon Lalwa ki chita sou lòd moun, men dapre yon fòs lavi ki p ap janm fini. <sup>17</sup>Men bon deklarasyon yo fè sou li:

«Ou se prêt pou toutan, dapre modèl Mèlkisedèk».

<sup>18</sup>Wi se vre, lòd lontan an vin pèdi tout valè l, poutèt jan li te fèb ak jan li pa t itil. <sup>19</sup>Reyèlman vre, Lalwa pa t fè anyen fin bon nèt, men li fè yon pi bèle espwa antre, ki pèmèt nou pwoche bò kote Bondye.

### Jezi gen yon sèvis prêt ki apa

<sup>20</sup>Pi plis toujou, sa pa fèt san sèman—lòt yo toutbon vre se san sèman yo te rive prêt <sup>21</sup>men li menm se ak sèman Sila a ki te di l: «Granmèt la sèmante—epi li p ap chanje sa li te di a—ou se prêt pou toutan.» <sup>22</sup>Se konsa tou Jezi tounen garanti pou yon kontra ki pi siperyè. <sup>23</sup>Yon kote, lòt yo ki vin prêt, yo te anpil paske lanmò te anpeche yo dire. <sup>24</sup>Men li menm ki gen pou li dire toutan an, li gen yon sèvis prêt ki p ap janm pase. <sup>25</sup>Se pou sa tou, li

**8,1-13**: Lè yo te ekri lèt sa a, lame women an, te gen tan detwi Tanp Jerizalèm nan lane 70 epi apre sa pa gen Prèt jwif ankò. Jezi se Prèt nan yon Nouvo Kontra. Pwofèt yo te deja anonse Nouvo Kontra sa a (Jeremi 31,31-34). Pèp la pa t janm respekte Ansyen Kontra a. Men Nouvo Kontra a pa chita sou pèp la, li chita sou Bondye ki fè nou gras epi ki padonnen nou nèt nan Jezi Kri. Nan Nouvo Kontra sa a, Lespri Sen an pral

kapab sove moun li fè pwoche kote Bondye yo nètale, antan li toujou vivan, pou li lapriyè pou yo. <sup>26</sup>Wi vre, se kalite Prèt anchèf sa a ki te bon pou nou: li sen, li pa konn fè mal, li san defo, li separe ak pechè yo, e li vin pi wo pase syèl la. <sup>27</sup>Li pa bezwen chak jou, tankou lòt prêt anchèf yo, ofri sa yo sakrifye pou pwòp peche pa l yo anvan, epi apre pou peche pèp la. Reyèlman vre, sa a li fè l yon fwa pou tout, lè l ofri tèt li. <sup>28</sup>Wi vre, Lalwa a se moun ki gen feblès li mete kòm prêt anchèf. Men pawòl sèman an menm ki vin apre Lalwa a, se Pitit la ki fin bon nèt li mete pou toutan.

5,3

### Li fè nou jwenn yon pi bon kontra

**8**<sup>1</sup>Sa ki pi konsekan nan sa n ap pale a, men li: nou gen yon Prèt anchèf ki chita adwat fotèy gran nèg ki nan syèl la. <sup>2</sup>Li fè sèvis kay sakre a ak tant toutbon vre a, sa Granmèt la te fè a, men pa yon moun. <sup>3</sup>Tout prêt anchèf yo mete l pou li ofri kado ak sa yo sakrifye yo. Se poutèt sa se nesesè pou l ofri kichòy tou. <sup>4</sup>Konsa, si li te sou tè a, li pa ta menm prêt, paske gen moun ki ofri kado dapre Lalwa. <sup>5</sup>Yo menm, sèvis y ap fè a, se dapre modèl ak lonbray sa ki nan syèl la, jan Bondye te pale Moyiz, lè li te gen pou fè tant lan.

Ap  
11,19;  
25,40

«Gade non, w a fè tout bagay dapre modèl yo te montre w sou mòn nan.»

<sup>6</sup>Kounye a menm, li jwenn yon sèvis ki pi siperyè, nan mezi li anchaje fè yon akò pou yon kontra ki pi siperyè, paske li chita sou pwomès ki pi siperyè yo.

grave Lalwa Bondye a nan kè yo epi tout moun pral konnen kilès Bondye ye. Sa vle di se pa Prèt yo sèlman ki konnen Bondye se tout pèp la ki konnen l. Tout pwomès sa yo déjà la nan Jezi Kri.

Konsa, gen de kontra kòtakòt: youn ki Ansyen epi yon lòt ki Nouvo. Se Jezi ki te kòmanse Nouvo Kontra sa a, lè li mete siyati li a, pa ak san zanimyo yo, men ak pwòp san pa l.

**Sòti nan ansyen rive nan novo kontra**Jer 31,  
31-34

<sup>7</sup>Konsa, si premye kontra a te san repwòch, yo pa ta chèche plas pou yon dezyèm. <sup>8</sup>Paske se yon repwòch li fè yo, lè li di:

« *Men jou yo ap rive, se Granmèt la ki di sa,*  
*mwen pral pase yon lòt kontra tounèf ak fanmi Izrayèl, ak fanmi Jida.*  
<sup>9</sup>*Se p ap tankou kontra mwen te fè ak papa yo*  
*jou mwen te pran men yo,*  
*pou mwen te fè yo sòti nan peyi Lejip la.*  
*Paske yo pa t rete nan kontra mwen an,*  
*mwen menm tou m pa t okipe yo,» se Granmèt la ki di sa.*

« <sup>10</sup>*Paske men ki kalite kontra mwen pral pase ak fanmi Izrayèl*  
*apre jou sa yo,» se Granmèt la ki di sa.*

« *Mwen pral mete lòd mwen yo nan lespri yo*  
*epi mwen pral ekri yo nan kè yo.*  
*Se Bondye yo mwen pral ye,*  
*epi yo pral yon pèp pou mwen.*

<sup>11</sup>*Epi chak moun p ap bezwen montre sitwayen parèy li,*  
*ni chak frè li tou, pou l ap di: ‘Se pou w konnen Granmèt la’,*  
*paske tout moun va konnen m,*  
*depi pi piti yo jis sa ki pi gran pami yo.*

<sup>12</sup>*Toutbon vre, m ap padonnen sa yo fè ki pa kòrèk*  
*epi mwen p ap sonje peche yo menm ankò.»*

**9,1-22 :** Pou l eslike «nouvo Kontra a» moun ki ekri lèt sa a, kontinye konparezon an ak Ansyen Kontra a ki chita sou tout seremoni ak sèvis bët yo t ap fe nan Tanp lan.

Nan Tanp Jerizalèm lan te gen yon premye chanm kote se Prèt anchèf la sèlman ki te kapab antre. Prèt anchèf la pase ladan pou l ale nan dezyèm nan, kote ki apa nèt pou Bondye a. Yo rele l «kote ki pi sen nèt la». Poutèt sa, Prèt anchèf la antre kote ki apa nèt la, kote Bondye rete a, yon sèl fwa nan lane a pou l ofri bët yo sakrifye pou padon peche pèp la ak peche pa l yo tou. Li gen pou l fè l chak lane. Yo te mete baryè sa a pou pèp la pa kapab mete pye l annan kote ki apa nèt pou Bondye a.

Tanp lan pa pèmèt moun antre nan kontak dirèk ak Bondye. Bèt yo sakrifye yo nonplis pa

<sup>13</sup>Lè li di «yon lòt ki tounèf», li fè premye a pase mòd. E sa ki pase mòd, ki fin vye a, li prèt pou disparèt.

<sup>1Kor  
11,25;  
Mt  
26,28;  
2Kor  
5,17;  
Ap21,4</sup>

**Sèvis sakre premye kontra a**

**9**<sup>1</sup>Konsa, premye kontra a te gen règleman pa li yo, pou sèvis sakre

a ak yon kote ki sakre. Kote sa a se sou tè a li te ye. <sup>2</sup>Yo te monte premye tant lan, nan li te gen chandelye a, tab la ak pen yo te ekspose yo. Se sa yo rele: Kote ki Sen an. <sup>3</sup>Epi dèyè dezyèm rido a, te gen yon lòt tant. Se sa yo rele: Kote ki Sen nèt la. <sup>4</sup>Li te gen lotèl lansan an ki fèt ak lò, ak kòf kontra a ki te kouvri nèt ak lò. Anndan li te gen yon vesò lò ki te gen lamàn nan an-sanm ak baton Arawon ki te fè flè a, ak wòch plat kontra yo. <sup>5</sup>Anlè li, te gen cheriben nan tout glwa yo ki te fè lon-bray sou kote yo konn padonnen peche a. Nou p ap pale an detay sou bagay sa yo kounye a. <sup>6</sup>Antan tout bagay te ranje konsa, Prèt yo te konn antre toutan nan premye tant la pou yo te fè sèvis yo. <sup>7</sup>Nan dezyèm tant lan menm, se Prèt anchèf la sèlman ki antre ladan, yon sèl gress fwa chak lane, epi li pa antre san li pa pote san pou li ofri pou fòt pa li yo, menm jan ak fòt pèp la fè, san yo pa konnen. <sup>8</sup>Konsa, Lespri Sen an montre kouman che-men ki mennen kote ki sen an pokò parèt, toutotan premye tant lan kanpe. <sup>9</sup>Sa se yon konparezon pou tan jodi a,

<sup>16,34;  
Res  
17,23</sup>

<sup>Lev  
16,2</sup>

kapab fè moun vin zanmi ak Bondye toutbon vre.

Men Kris la vini ak yon lòt kalite fason pou yon moun sèvi kòm Prèt: Li bay pwòp san l, lè li bay lavi l sou kwa a. Epi li antre nan Tanp Bondye a ki nan syèl la pou toutan, lè l te leve byen vivan pami mò yo.

Si nou wè Jezi sèlman kòm moun, san leve byen vivan an, se fè l tounen yon viktim ki pa genyen okenn fòs pou l kapab chanje sitiayson moun. Si nou wè Jezi sèlman kòm Bondye, san soufrans ak lanmò, se fè l tounen yon Bondye ki anlè nèt, lwen pwoblèm ki nan lavi moun yo. Men Jezi se Bondye, e an menm tan li se Moun. Poutèt sa, li kapab pote yon bagay tounèf ban ou: li se yon Prèt ki tabli bon jan rapò ant Bondye ak moun.

kote yo ofri kado ak bagay yo sakri-fye, ki pa p kapab fè konsyans moun k ap fè sèvis la vin anfòm nèt. <sup>Kol  
3,17;  
3,23</sup> <sup>10</sup> Se règleman ki an rapò ak kò a sou kesyon manje sèlman ak bwason, ak divès kalite netwayaj nan dlo: yo la pou jis-tan lè pou yo korije yo a rive.

24,8

### Kris la ofri tèt li li menm

<sup>11</sup> Kris la li menm rive kòm prèt anchèf ki la pou byen k ap vini yo, nan travèse li travèse tant ki pi siperyè e ki fin anfòm nèt la, ki pa fèt ak men moun, sa vle di ki pa sòti nan kreya-syon sa a. <sup>12</sup> Ni se pa ak san bouk kabrit, ni ak san jèn towo bëf, men se ak pwòp san l, li antre yon sèl fwa pou tout Kote ki Sen an, antan li pote yon delivrans ki la pou toutan. <sup>13</sup> Si san bouk kabrit ak towo bëf, ak sann yon gazèl yo voye sou moun ki pa pwòp yo te fè yo vin sen, nan pwòpte li pwòpte kò yo, <sup>14</sup> ou pa bezwen mande jan san <sup>1Pyè  
1,19;  
1Jn 1,7</sup> Kris la ki ofri tèt li bay Bondye, san okenn defo, grasa Lespri ki la pou toutan, ap netwaye konsyans nou anba zèv lanmò yo, pou nou kapab sèvi Bondye vivan an!

### Kontra sa a pase nan san

<sup>Mt  
26,28</sup> <sup>15</sup> Epi se poutèt sa, se li ki vin ancha-je fè akò pou kontra tounèf la, konsa grasa lanmò li ki delivre sila yo ki te dezobeyi premye kontra a, moun Bondye rele yo jwenn pwomès eritaj ki la pou toutan an. <sup>16</sup> Reyèlman vre, kote ki gen testaman, se nesesè pou lanmò moun ki fè testaman an rive. <sup>17</sup> Konsa, se si gen lanmò testaman an gen valè, paske toutotan moun ki fè testaman an vivan, testaman an pa gen fòs. <sup>18</sup> Kon-sa, premye kontra a tou pa t kòmanse

**9,23-28 :** Lèt la tounen kesyon Prèt anchèf ki antre chak lane kote ki apa nèt pou Bondye nan Tanp lan, jou Fèt Padon an (Yom Kippou, nan lang Jwif yo). Li antre pou l fè yon sèvis ak san-bèt, pou peche li yo ak pou peche pèp la. Li fè sa pou li montre Jezi Kri menm se yon Prèt ki antre «yon sèl fwa» nan Tanp ki nan Syèl la pou l detwi peche yo yon sèl kou aklavi lí bay pou

san pa t gen san. <sup>19</sup> Wi vre, apre Moyiz te fin li chak atik dapre sa ki nan liv Lalwa a bay tout pèp la, li pran san jèn towo bëf ak bouk kabrit yo, ansanm ak dlo, ak yon moso lenn wouj, epi ak yon branch izòp, li voye san sou liv la menm epi sou tout pèp la, <sup>20</sup> antan li di:

24,8

«Sa se san kontra Bondye pase nou lòd kenbe a.»

<sup>21</sup> Menm jan tou ak san an li wouze ni tant lan ni tout vesò sèvis la. <sup>22</sup> Dapre Lalwa a prèske tout bagay se nan san yo netwaye yo, epi pa gen padon si san pa koule. <sup>23</sup> Li te nesesè pou pòtre bagay ki nan syèl yo, yo netwaye yo nan fason sa yo. Men pou bagay syèl la menm, se ak bagay yo konn sakrifye ki pi siperyè pase sa yo, yo netwaye yo.

### Antre Kris la nan Peyi kote Bondye wa a

<sup>24</sup> Reyèlman vre, kote Kris la antre a se pa yon kote ki sen moun fè ak men yo, ki pòtre sa ki la toutbon vre a, men se nan syèl la menm, pou l parèt devan figi Bondye, an favè nou. <sup>25</sup> Ni se pa pou ofri tèt li plizyè fwa, jan Prèt anchèf la antre kote ki sen an yon fwa chak lane, ak yon san ki pa pwòp san pa li a. <sup>26</sup> Nan ka sa a, li ta gen pou li te sou-fri plizyè fwa depi fondasyon tè a, men okontrè li parèt nan finisman tan yo, yon sèl fwa pou tout, pou li fini ak peche grasa tèt li yo sakrifye epi li ofri Bondye a. <sup>27</sup> Menm jan moun gen pou yo mouri yon sèl fwa, epi apre sa pou yo pase nan jijman, <sup>28</sup> konsa Kris la tou apre li te ofri tèt li yon sèl fwa, pou li pran peche yon kantite moun sou li, l a fè moun k ap tann li pou delivrans yo, wè li yon dezyèm fwa, men san se pa pou peche.

Gal

4,4;  
1Jn 1,291Tm  
6,14;  
1z

53,12;

1Tes  
1,10;Flp  
3,20

nou (v. 27). Kòm Prèt anchèf, Jezi toujou prezan devan Bondye epi l ap lapriyè pou nou. Poutèt sa, chak fwa nou selebre Lekaristi, ki sèl gress sèvis Kris la ki prezan nan mitan kominate kreyten an, li mennen nou al jwenn Bondye. Epi an menm tan, li anonse Jezi ap vini yon dezyèm fwa, dènye fwa a, pou l chèche moun ki mete lespwa yo nan li (v. 28).

**Yon sèl fwa pou tout epi pou toutan**Kol  
2,17

**10**<sup>1</sup> Reyèlman vre, Lalwa se lonbray byen k ap vini yo li genyen, se pa bagay ki la yo menm. Ak menm sa yo sakrifye yo, y ap ofri toutan chak lane yo, li pa janm kapab fè moun k ap pwoche kote Bondye yo, vin kòrèk nèt.<sup>2</sup> San bagay sa a, èske yo pa ta sispann ofri yo, paske moun k ap ofri sèvis la pa ta gen okenn konsyans peche ankò yon fwa yo ta fin netwaye yo? <sup>3</sup> Men okontrè, ak bagay yo konn sakrifye yo, se sonje y ap fè moun sonje peche yo, chak lane.<sup>4</sup> Wi se vre, nanopwen mawayen pou san towo bëf ak san bouk kabrit wete peche.<sup>5</sup> Se poutèt sa, antan l ap vin sou tè a li di:

Sòm  
40,7-9

«Ni sa yo konn sakrifye, ni kado yo konn pote, ou pa t vle yo, men w te pare yon kò pou mwen.<sup>6</sup> Bèt yo konn boule nèt pou ou yo, ni kado yo bay pou peche yo, pa t fè w plezi,<sup>7</sup> se atò mwen te di: ‘Men, mwen vini.—Nan woulo Liv la se sou mwen yo ekri—pou fè volonte w, Bondye.’»

Anvan, li di: «Sa yo konn sakrifye yo, ak bët yo konn boule nèt yo, ak kado pou peche yo, ou pa vle yo, yo pa fè w plezi.» Bagay sa yo se sa yo konn ofri dapre Lalwa.<sup>9</sup> Lè sa a atò li di: «Men mwen vini pou fè volonte w.»

Li fè premye a disparaët pou Dezyèm nan kapab egziste.<sup>10</sup> Se nan volonte sa a nou vin sen poutèt kò l Jezi Kri ofri yon sèl fwa pou tout la.

<sup>11</sup> Alòske tout prêt kanpe chak jou ap fè sèvis, epi se menm bagay yo sakrifye yo, li ofri divès fwa, ki pa janm

**10,1-18 :** Bèt yo te konn ofri Bondye lontan yo pa t sove moun, paske yo pa gen konsyans. Kris la, okontrè, aksepte ofri tèt li nèt, ak tout konsyans li, tout libète li. Konsa li kapab sove nou.

Bondye pa gade sou sa n ap ofri l, men sou konpòtman moun k ap ofri kichòy. Se konsa konpòtman Kris la te fè l plezi.

Poutèt li te fè tèt li vin menm jan ak moun, poutèt li te fè volonte Bondye pou toutan, san peche, Kris la kapab bay moun lavi Bondye a, li

kapab wete peche,<sup>12</sup> li menm menm se yon sèl bagay yo sakrifye, li ofri pou peche yo, epi li chita adwat Bondye pou toutan.<sup>13</sup> Konsa, l ap tann jis yo mete lènmi l yo tankou yon ti ban anba pye l yo.<sup>14</sup> Paske ak yon sèl kado li ofri a, li fè moun yo vin sen nèt pou toutan.<sup>15</sup> Nan sa tou, Lespri Sen an sèvi nou temwen. Reyèlman vre, apre yo fin di:

Sòm  
110,1

«<sup>16</sup> Men ki kalite kontra mwen pral <sup>Jer 31,33-34</sup> pase ak yo apre jou sa yo»,

Granmèt la di:

«Mwen ba yo lòd mwen yo, mwen pral ekri yo nan kè yo ak nan lespri yo,

<sup>17</sup> epi mwen p ap sonje peche yo ak sa yo fè ki mal ankò.»

<sup>18</sup> Kote ki gen renmèt peche, pa gen ofri kado pou peche ankò.

**Nou bezwen andirans**

<sup>19</sup> Konsa, frè m yo, kòm ak san Jezi, nou gen konfyans nou pral antre nan kote ki sen an,<sup>20</sup> nan chemen li ouvè pou nou an, yon chemen tounèf epi ki gen lavi, ki travèse rido a, ki vle di kò li,<sup>21</sup> epi ak yon Prèt siperyè alatèt kay Bondye a,<sup>22</sup> an nou pwoche non, ak yon kè fran nan yon lafwa total, apre nou fin lave kè nou, wete ladan tou sa ki ban nou move konsyans, apre nou fin lave kò nou ak yon dlo pwòp.<sup>23</sup> Sa nou deklare nou gen lespwa ladan an, an nou kenbe li fèm, san febli: paske Sila ki fè pwomès la merite konfyans.<sup>24</sup> Se pou youn voye je sou lòt pou an-kouraje l nan renmen ak nan fè bon zèv.<sup>25</sup> Pinga nou lage reyinyon nou yo jan kèk moun gen abitid fè. Men, an-

Ezk  
36,25;  
Ef 5,26

padonnen peche yo, epi Lespri li grave Lalwa Bondye a nan kè yo (Jéremi 31,31).

**10,19-39 :** Jezi ki te mouri epi ki te leve byen vivan an, se Tanp kote prezans Bondye ak padon l rete. Li se chemen ki pèmèt nou antre nan Tanp sa a. Epitou, li se gid k ap mennen nou kote Bondye rete a.

Bò pa li, fidèle la dwe gen yon konpòtman ki tonbe dakò ak sa Kris la, Prèt anchèf la, vle, ak konkou twa fòs ki sòti nan Bondye yo: lafwa, lespwa ak renmen.

kouraje, sitou poutèt jan nou wè jou a ap pwoche.

<sup>26,1</sup> <sup>Iz</sup> <sup>26</sup>  
Reyèlman vre, si nou fè peche espre apre nou fin gen konesans laverite a, nanpwen kesyon pou yo ofri sa yo konn sakrifye pou peche ankò,

<sup>27</sup>  
<sup>Dt 17,6</sup> men se rete tann, ak gwo kè sote, jij-man an epi yon michan dife prêt pou devore lènmi yo. <sup>28</sup> Yon moun ki de-respekte Lalwa Moyiz la, se san pitye, sou deklarasyon de ou twa temwen, li

<sup>Mt 26,28;</sup>  
<sup>1Kor 11,27</sup> mouri. <sup>29</sup> Nou pa bezwen mande atò ki pinisyon li pral merite, moun ki pile Ptit Bondye a anba pye l, ki gade san kontra a ki fè l vin sen an, pou yon bagay san valè, epi ki desrespekte <sup>Dt 32,35</sup> Lespri ki bay favè a! <sup>30</sup> Wi, nou konnen kilès ki di:

«Tire revanch se pou mwen, se mwen ki pral bay sa moun merite.»

Epi toujou:

«Se Granmèt la ki pral jije pèp li a.»

<sup>Mt 10,28</sup> <sup>Iz</sup> Se yon bagay terib pou w tonbe nan men Bondye vivan an!

<sup>32</sup> Sonje jou lontan yo, non, lè limyè a te anvayi nou, kouman nou te andire gwo batay ki gen soufrans ladan. <sup>33</sup> Yon lè yo fè nou pran jouman ak move tret-man devan tout moun, yon lòt lè nou te asosye moun ki t ap viv menm sitiay-syon sa yo. <sup>34</sup> Se vre, nou te soufri ak prizonye yo, epi nou te aksepte, ak kè kontan, yo sezi byen nou yo, paske nou konnen nou gen yon richès siperyè k ap dire. <sup>35</sup> Konsa, pinga nou pèdi konfyans: sa gen gwo rekompans. <sup>36</sup> Wi vre, nou bezwen anpil pasyans, pou

nou jwenn pwomès la, lè nou fè volon-te Bondye.

<sup>37</sup> Paske talè konsa Sila k ap vini an ap rive, li p ap mize. <sup>Iz  
26,20;  
Abk  
2,3-4</sup>

<sup>38</sup> Moun kòrèk mwen an, se lafwa k ap fè l viv,

epi si li lage sa, mwen p ap kontan ak li.

<sup>39</sup> Nou menm, nou pa moun k ap lage pou nou peri, men nou se moun lafwa pou nou sove nanm nou. <sup>1Pyè  
1,9</sup>

**Lafwa ak temwen 1 yo:**  
**Abèl, Enòk, Noye**

**11** <sup>Wm  
8,24</sup> <sup>1</sup> Lafwa menm se baz kote bagay nou espere yo sòti, se prèv ba-gay moun pa wè yo. <sup>2</sup> Reyèlman vre, li pral sèvi temwen an favè zansèt yo.

<sup>3</sup> Se poutèt lafwa, nou konnen tou sa ki egziste se Pawòl Bondye ki ba yo fòm, ki fè sa moun wè sòti nan sa ki pa parèt.

<sup>4</sup> Se poutèt lafwa, sa Abèl te sakrifye <sup>Jen 4,4</sup> bay Bondye a te vo piplis pase pa Ka-yen an. Poutèt li, yo deklare l kòrèk: Bondye li menm menm deklare kado li yo te bon. Epi se grasa lafwa, menm si li mouri, l ap pale toujou.

<sup>5</sup> Se poutèt lafwa, yo pote Enòk ale, pou li pa wè lanmò epi yo pa tounen jwenn li, paske Bondye te pote l ale. Konsa, anvan yo te pote l ale, yo te bay prèv li te fè Bondye plezi. <sup>6</sup> Epi san lafwa, nanpwen mwayen fè l plezi. Wi, fòk moun k ap pwoche bò kote Bondye a kwè gen Bondye, epi l ap rekonpanse moun k ap chèche l yo. <sup>Jen 5,24</sup>

<sup>7</sup> Se poutèt lafwa, Noye jwenn nou-

<sup>Jen 6;  
Wm  
3,22</sup>

**11,1-12,5**: Men yon lis byen long temwen lafwa Ansyen Kontra yo ak tout bèl bagay yo te fè poutèt lafwa yo epi soufrans yo sipòte ak kou-raj. Tout moun sa yo te gen lafwa nan Bondye, epi yo te jwenn padon peche yo, pa paske yo te swiv Lalwa a, men paske Bondye te fè pa yo. Lalwa vin anvan epi, li piplis pase Lalwa. Menmsi tout zansèt yo te mete konfyans yo nan Bondye akòz lafwa yo, Bondye pa t realize pwomès li te fè yo touswit. Li te pran tan pou li rive nan yon gran rasanbleman moun ki gen kretyen ladán l tou. Li t ap tann nou.

Nan 11,26, Kris la vle di, an premye, pèp Bon-

dye yo sakre al lwil la. Men li vle di tou Jezi, Kris la, yo pase nan rizib la.

Ou kapab pale sou lafwa divès fason. La a nan chapit 12,1-2 Lèt la sèvi ak yon mo espesyal ki vle di n ap fikse je nou sou Jezi.

Se fason sa a yo mande kretyen ki anba pèse-kisyon yo, pou yo montre lafwa yo nan Kris la. Se pou yo fikse je yo sou Moun yo te klosure sou kwa a. Epi nan gade yo gade l konsa y ap di li gwo lapenn ak kè sere yo genyen nan pèsekisyon an. Konsa, y ap resevwa yon respons Moun yo te klosure sou kwa a va ba yo: ankourajman, ak fòs pou yo pa janm dekoraje (12,3).

vèl sou bagay yo pa t ko wè, li pran l oserye epi li pare yon batiman pou sove fanmi l. Poutèt lafwa, li kondane tè a, epi li vin eritye nan sa ki fè moun kòrèk dapre lafwa a.

### Lafwa Abraram ak fanmi 1

<sup>Jen 12</sup> <sup>8</sup> Se poutèt lafwa, lè yo rele Abram, li obeyi pati al yon kote li te gen pou resevwa kòm eritaj. Li pati san li pa t konnen kote li ta prale. <sup>9</sup> Se poutèt lafwa, li te viv nan peyi pwomès la, kòm nan yon peyi etranje. Li te abite anba tant ansanm ak Izarak ak Jakòb, ki te eritye menm pwomès la tou. <sup>10</sup> Reyèlman vre, li t ap tann lavil ki gen fondasyon an, ki gen Bondye ni pou achitèk, ni pou bòs ki bati l.

<sup>Jen 17,19</sup> <sup>11</sup> Se poutèt lafwa, Sara tou, ki pa t kapab fè ptit, jwenn fòs pou li vin assent, pou li pwodi yon desandans, malgre se pa t tan pou bèl laj li, paske li te kwè Sila ki te fè pwomès la li kenbe pawòl li. <sup>12</sup> Poutèt sa, yon desandans fèt sòti nan yon sèl moun, epi sa ki pi rèd, nan yon moun ki prèske mouri, epi yo anpil tankou zetwal nan syèl ak sab bò lanmè moun pa kapab konte.

<sup>Jen 23,4; 47,9; Sòm 39,13; 119,19</sup> <sup>13</sup> Se nan lafwa tout moun sa yo mouri, san yo pa jwenn sa ki te nan pwomès yo, men yo wè l bèl distans epi yo voye men ba li, yo deklare se etranje, ak moun vini, yo ye sou tè a. <sup>14</sup> Reyèlman vre, moun k ap di bagay sa yo montre aklè y ap chèche yon patri. <sup>15</sup> Men si se sa, kote yo sòti a, yo t ap sonje, yo ta gen tan tounen ladan deja. <sup>16</sup> Kounye a menm, yo lanvi youn pi siperyè, sa vle di youn ki nan syèl la. Epi se poutèt sa, Bondye pa wont devan yo, pou yo rele l Bondye yo. Reyèlman vre, li pare yon vil pou yo.

<sup>Jak 2,20</sup> <sup>17</sup> Se poutèt lafwa, Abraram, lè yo t ap seye li, te ofri Izarak, li menm ki te resevwa pwomès la. Li te dakò ofri sèl gress ptit li a, <sup>18</sup> li menm yo te di konsa:

«Nan Izarak w a gen garanti yon desandans.»

<sup>19</sup> Li te gen konviksyon Bondye ta kapab fè moun leve ata pami mò yo. Se sa ki fè li tounen jwenn li. Sa se yon konparezon.

<sup>20</sup> Se poutèt lafwa toujou, Izarak beni Jakòb ak Ezayi nan kad evènman ki ta pral vini yo. <sup>21</sup> Se poutèt lafwa toujou, lè Jakòb t ap mouri li beni chak pitit Jozèf yo, antan li koube kò li sou pwent baton l. <sup>22</sup> Se poutèt lafwa, Jozèf nan finisman lavi l, sonje pitit Izrayèl yo gen pou yo pati, epi li pase lòd pou zosman li yo.

### Lafwa Moyiz ak Izrayèl

<sup>23</sup> Se poutèt lafwa, lè Moyiz fèt, paran li yo kache l pandan twa mwa, paske yo te wè ti ptit la bèl epi yo pa t pè lòd wa a te pase a. <sup>24</sup> Se poutèt lafwa, lè Moyiz vin gran, li refize yo rele l ptit yon ptit fi Farawon, <sup>25</sup> li pito yo maltrete li ansanm ak pèp Bondye a, pase pou li gen jwisans peche a yon ti moman. <sup>26</sup> Li te gade lawont Kris la kòm yon richès pi gwo pase trezò Lejip yo, paske se sou rekompans lan je li te fikse. <sup>27</sup> Se poutèt lafwa, li kite Lejip, san li pa pè kòlè wa a, paske, kòmsi li te wè sa yo pa kapab wè, li kenbe fèm.

<sup>28</sup> Se poutèt lafwa, li fè manje Pak la, epi li vide san, pou sila ki t ap detwi premye ptit yo, pa touche pati pa yo. <sup>29</sup> Se poutèt lafwa, yo janbe lanmè wouj tankou nan mitan tè sèk. Lè Ejipsyen yo menm te eseye, lanmè a te vale yo, yo te disparèt anba dlo.

<sup>30</sup> Se poutèt lafwa, miray Jeriko yo tonbe, lè yo te fè laviwonn yo pandan sèt jou. <sup>31</sup> Se poutèt lafwa, Rarab, jennès la, pa peri ansanm ak moun ki te fè rebèl yo, paske li te resevwa espyon yo ak kè poze.

### Lafwa tou sa ki kenbe fèm yo

<sup>32</sup> Kisa pou mwen ta di ankò? Reyèlman vre, mwen pral manke tan pou mwen rakonte koze Jedeyon, Barak, Sanson, Jefte, David, ni Samyèl ak pwofèt yo. <sup>33</sup> Poutèt lafwa, moun sa yo

<sup>Jen 48, 15-16; 47,31</sup>

<sup>Jen 50, 24-25</sup>

<sup>2,2; 1,22</sup>

12

<sup>Joz 6,20</sup>

<sup>Joz 2,11; Jak 2,25</sup>

<sup>Jij 6,11; 4,6; 1Sam 12,11</sup>

ki bat peyi wa yo nan lagè, yo fè sa ki kòrèk, yo jwenn sa yo te pwomèt yo, yo fèmen bouch Lyon. <sup>34</sup> Yo tenyen fòs dife, yo evite kout manchèt. Menm feblès yo tounen fòs, yo vin fò nan batay, epi yo fè lame etranje yo fè bak. <sup>35</sup> Gen medam ki jwenn moun pa yo ki te mouri ki leve. Men gen lòt moun yo demonte yo anba kou, epi yo pa aksepte delivrans yo, pou yo kapab jwenn yon pi bon leve sòti nan lanmò. <sup>36</sup> Gen lòt menm ki fè esperyans moun k ap pase yo nan rizib, ki bat yo. Yo mete yo nan chenn ak nan prizon. <sup>37</sup> Yo touye yo ak kout wòch, yo siye yo ak goyin. Yo mouri anba kout manchèt, yo mache adwat agòch abiye ak po mouton, ak po kabrit, san anyen, anba move tretman, yo manje mizè. <sup>38</sup> Tè a pa t alawotè yo. Yo drive nan dezè, nan mòn, nan gwòt, nan twou wòch. <sup>39</sup> Men tout moun sa yo, kwak moun rekonèt yo serye poutèt lafwa yo, yo pa jwenn sa Bondye te pwomèt la, <sup>40</sup> paske Bondye te wè kichòy ki pi siperyè pou nou davans, pou yo pa t rive gen tout bagay san nou menm.

### Kenbe fèm nan pwoblèm lavi a

**12** <sup>1</sup>Konsa, nou menm tou ki gen tout kantite foul temwen sa yo ki antoure nou, an nou debarase nou ak tout chay, menm ak peche ki vlope nou fasil la, pou nou kouri ak kouraj nan batay ki prezante devan nou an, <sup>2</sup> antan n ap fikse je nou sou Jezi, chèf ki mennen nan lafwa a epi ki fè li rive nan bout. Li menm, angis kè kontan ki te devan l, li te pito sipòte yon kwa, antan li te meprize lawont ki ladan epi li chita adwat fotèy Bondye a. <sup>3</sup>Tounen sonje Sila ki sipòte kalite dezakò sa a ak moun ki nan peche yo epi ki leve kont li, pou nou pa ni dekoraje, ni febli nan lespri nou. <sup>4</sup>Nou poko reziste

**12,5-12 :** Papa Bondye gen kè sansib pou nou, an menm tan li sevè ak nou. Lèt sa a prezante Bondye kòm Papa ki sevè pou li fè edikasyon pèp li a. Nan dezè a, li te fè edikasyon pèp li nan seye l te seye l (Detewonòm 8,1-5). Moun ki ekri

jouk nan san nan batay kont peche.

<sup>5</sup> Èske nou bliye ankourajman yo te ba <sup>PWV 3, 11-12</sup> nou kòm pitit ?

« Ptit mwen, pa neglige lè Granmèt la ap korije w,

ni pa dekoraje lè li fè w repwòch. »

<sup>6</sup> Konsa vre, se moun li renmen Granmèt la korije,

li pini tout pitit li konsidere.

<sup>7</sup> Se pou yo kapab korije nou n ap soufri. Bondye aji ak nou tankou se ak pitit li yo. Toutbon vre, ki pitit yon papa pa korije ? <sup>8</sup> Men, si nanpwen korije pou nou, lè tout moun jwenn sa, alò nou se pitit deyò.

<sup>9</sup>Epi tou, nou te gen papa n ki ban nou kò a, pou korije nou, e nou te respekte yo. Konsa, èske nou pa dwe soumèt nou piplis devan Papa ki ban nou lespri a, epi n a viv ? <sup>10</sup> Reyèlman vre, yo menm, se pou de twa jou, dapre lide yo, yo te korije nou, li menm se pou byen nou, pou li fè nou patisiye nan sa ki fè li sen an. <sup>11</sup> Chak fwa gen korije, sa pa sanble bay kè kontan touswit, men sa bay tristès. Men, pi ta pou moun yo te bay pinisyon yo, li pote rezulta kè poze lavi kòrèk la pou yo. <sup>12</sup>Poutèt sa, <sup>Iz 35,3</sup> fè men k ap febli yo akjenou k ap pliye yo vin fèm. <sup>13</sup>Fè chemen dwat pou pye nou, pou moun bwete a pa vire pye l, men pou li geri pito.

### Bondye nou an se yon dife ki cho anpil

<sup>14</sup> Fè gwo jefò pou nou gen lapè ak tout moun epi pou nou vin sen. San sa, pèsonn p ap wè Granmèt la. <sup>15</sup> Fè atan-syon pou pèsonn pa manke favè Bondye, pou okenn rasin anmè pa boujonnen kreyòl k ap bay pwoblèm, epi poutèt li, pou yon pakèt moun pa vin gate, <sup>16</sup>Pou okenn moun pa nan move plezi, ni pa manke respè pou afè Bon-

<sup>PWV 4,26</sup>

<sup>Dt 29,17</sup>

<sup>Jen 25,33</sup>

Lèt sa a ap gade soufrans kominate kreyen an ki anba pèsekisyón. Poutèt sa, li mande kreyen yo pou yo gade Papa Bondye, e li ankouraje yo pou yo kenbe fèm, pou yo pa lage. Konsa, pi devan yo kapab rekòlte fwi lapè ak jistis (v. 11).

dye a, tankou Ezayi ki te vann dwa li te genyen kòm premye ptit, pou yon senp manje.<sup>17</sup> Wi, nou konnen, apre sa, lè li te vle eritye benediksyon an, yo te pouse do l, epi li pa t jwenn posiblite reparasyon, malgre li t ap chèche sa ak dlo nan je.

<sup>19,16</sup> <sup>18</sup> Reyèlman vre, nou pa t pwoche kote yon dife moun kapab touche epi k ap boule, ni kote fènwa, ni kote gwo nyaj, ni kote loray,<sup>19</sup> ni kote kout twon-pèt, ni kote bri pawòl, jis moun ki te tandé yo, te lapriyè pou li pa pale ak <sup>19,12-</sup> yo ankò.<sup>20</sup> Konsa, yo pa t kapab sipòte lòd yo te pase a:

«Menm si se yon bèt ki touche mòn nan, se pou yo touye l ak kout wòch».

<sup>Dt 9,19</sup> <sup>21</sup> Epi sa yo t ap gade a te si tèlman terib, Moyiz te deklare:

«Mwen pé, m ap tranble.»

<sup>Jen 4,26; Ap 21,2</sup> <sup>22</sup> Okontré, nou pwoche kote Mòn Sìyon, e bò kote lavil Bondye vivan an, Jerizalèm ki nan syèl la, kote konbyen mil zanj ap fete,<sup>23</sup> nan yon reyinyon premye ptit ki gen non yo enskri nan syèl la, kote Bondye ki jij yo tout, kote lespri moun ki kòrèk yo ki fin anfòm nèt yo,<sup>24</sup> bò kote Jezi, Sila ki anchaje fè akò pou kontra tounèf la, bò kote san yo voye sou moun epi ki pale pi byen pase san Abèl la.

<sup>25</sup> Atansyon! Pa rale kò nou devan sila k ap pale a. Paske si moun sa yo menm pa t chape lè yo pa t koute sila ki t ap pale sou tè a, ale wè atò pou nou menm ki meprize Sila k ap pale sot nan syèl la.

<sup>Aje 2,6</sup> <sup>26</sup> Sila vwa a te fè tè a tranble lè sa a, men kounye a li fè yon pwomès, kote li di:

**12,14-19**: Li kontinye pale ak kretyen ki anba pèsekisyon yo, ki santi gwo dekourajman. Li ankouraje yo mete tèt yo ansanm nan chèche lapè epi nan veye youn sou lòt, pou yo rete nan favè Bondye. Moun k ap mache nan direksyon mòn Bondye a, yo déjà gen non yo ekri nan liv ki nan syèl la, paske grasa Kris la, yo te tounen premye ptit gason, premye ptit fi Bondye.

«Yon lòt fwa ankò, se pa tè a sèlman m ap souke, men se syèl la tou.»

<sup>27</sup> Pawòl ‘Yon lòt fwa ankò’ a monstre bagay k ap souke yo ap chanje, paske se fè yo fè yo, dekwa pou bagay ki pa souke yo rete.<sup>28</sup> Konsa, antan nou jwenn yon peyi Wa ki pa kapab souke, se pou nou kenbe favè ki fè nou sèvi Bondye yon jan ki fè l plezi, ak respè, ak krentif.<sup>29</sup> Reyèlman vre, Bondye nou an se yon dife k ap devore.

Dan 7,18

Dt 14,24;  
Iz 33,14

### Sa Bondye renmen nan sa yo konn sakrifye

**13**<sup>1</sup> Se pou youn kontinye renmen lòt tankou frè. <sup>2</sup> Pa blyie abitid resevwa etranje lakay nou. Paske se konsa kèk moun te resevwa zanj lakay yo, san yo pa konnen.<sup>3</sup> Sonje prizonye yo kòm si nou anba chenn ansanm ak yo. Sonje moun k ap manje mizè, kòm nou menm nou gen yon kò tou.<sup>4</sup> Se pou maryaj jwenn respè lakay tout moun. Se pou kabann moun marye yo san peche, paske Bondye ap jije ni moun ki nan move plezi, ni moun marye ki nan dezòd.<sup>5</sup> Se pou nou pa gen mès moun ki renmen lajan, pou nou kontante nou ak sa nou genyen. Wi, se li menm ki di:

«Mwen p ap kite w ni mwen p ap lage w.»

<sup>6</sup> Konsa, nou mèt di ak konviksyon

«Se Granmèt la k ap ede m, mwen p ap gen kè sote.

Sa yon moun kapab fè m?»

<sup>7</sup> Sonje reskonsab nou yo, ki te pale nou sou Pawòl Bondye a. Egzaminen kouman lavi yo fini, epi pran egzanp

Jen 18,2

1Kor 6,13;  
1Tes 4,4

1Tm 6,6;  
Dt 31,6

Sòm 118,6

Gwo lespwa nou genyen pou rive kanmenm lakay Papa a, se paske nou gen yon Prèt ki te bay lavi l pou nou. San Jezi a rele pi fò pase san Abèl (v. 24). L ap mande jistis. San pa Jezi a menm ap mande padon e Gran Jij la ap koute l.

**13,2**: L ap fè nou sonje Jenèz 18,1-15, kote Abraram te resevwa 3 vwayajè lakay li, e poutan se Bondye ki te prezante sou fòm sa a.

sou lafwa yo. <sup>Ef4,14;</sup> <sup>Kol2,17</sup> <sup>Jezi Kri yè, jodi a, li rete menm lan pou tout syèk.</sup> <sup>9</sup> Pinga nou kite divès bagay y ap montre moun epi ki sòti lòt kote pran tèt nou. Li bon pou nou bay kè nou fòs ak favè Bondye, men se pa ak manje ki pa itil moun k ap sèvi ak yo. <sup>10</sup> Nou gen yon lotèl kote moun k ap fè sèvis nan tant lan pa gen dwa manje. <sup>11</sup> Konsa, bêt Prèt anchèf la pote san yo, kote ki sen an pou peche a, se andeyò kote moun abite a yo boule kadav yo. <sup>12</sup> Se poutèt sa tou, pou li fè pèp la vin sen, ak pwòp san pa I, Jezi soufri deyò, lòt bò pòtay la. <sup>Jn19,20; T Ap7,58; Mt21,39; Eb13,14; 1Kor7,29; Flp3,21</sup> <sup>Sòm50,14; Wm10,9</sup> <sup>13</sup> Konsa tou, an nou sòti al rankontre l andeyò kote moun abite a, antan n ap pote lawont li. <sup>14</sup> Wi se vre, isit la nou pa gen yon vil k ap dire, men n ap chèche vil ki pral vini an. <sup>15</sup> Konsa, pa pouvwa I, an nou ofri Bondye yon kado lwanj pou toutan san rete. Sa vle di sa ki sòti nan bouch nou, epi k ap fè konnen jan Non li gen valè. <sup>16</sup> Pa bliye ni fè byen ni mete byen nou ansanm ak lòt yo. Se kalite kado sa yo Bondye renmen. <sup>17</sup> Obeyi reskonsab nou yo epi soumèt devan yo. Toutbon vre y ap veye sou nanm nou, kòm moun ki gen kont pou rann. Konsa, se ak kè kontan

y ap fè sa, epi se pa nan plenyen. Bagay sa a ta yon dezavantaj pou nou. <sup>18</sup> Lapriyè pou nou, paske nou sèten nou gen bon konsyans, epi nou vle kondi tèt nou byen nan tout bagay. <sup>19</sup> Mwen ankouraje nou piplis toujou pou fè sa, pou mwen kapab tounen vin jwenn nou pi vit.

### Benediksyon ak orevwa

<sup>Jn10,11; 1Pyè2,22</sup> <sup>20</sup> Se pou Bondye kè poze a ki te fè Granmèt nou Jezi, bon jan gadò mouton an, leve sòti pamì mò yo, nan san kontra ki la pou toutan an, <sup>21</sup> se pou li ranje nou nan tou sa ki bon, pou nou fè volonte I, antan I ap fè anndan nou sa ki fè I plezi, pa pouvwa Jezi Kri. Glwa pou li pou toutan nétale. Amèn.

<sup>22</sup> Frè m yo, mwen ankouraje nou resevwa pawòl ankourajman sa a byen. Reyèlman vre, se yon ti lèt tou kout mwen ekri nou.

<sup>23</sup> Se pou nou konnen yo lage Timote, frè nou an. Se ak li, si I prese vini, mwen pral wè nou.

<sup>24</sup> Di tout reskonsab nou yo ak tout moun ki sen yo bonjou. Moun ki nan Itali yo voye di nou bonjou.

<sup>25</sup> Favè a ak nou tout.

**13,8 :** Deklarasyon sa a konsekan anpil. Li montre nou tout istwa kreyasyon an gen rapò ak Jezi Kri: se li ki mèt istwa tè a.

**13,11 :** Se nan bêt Prèt anchèf la ap pote pou fè seremoni pou padonnen peche.

**13,12-27 :** Tout kretyen ap viv nan egzòd. La a n ap pale de 3 egzòd: egzòd viktim yo boule andeyò kan an (v. 11); egzòd Jezi yo klosure sou kwa a andeyò vil la (v. 12); ak egzòd kretyen ki blije pati «byen lwen», chaje menm jan ak Jezi, anba akizasyon viktim yo kondane amò (v. 13).

Kris la se Prèt ki vini nan mitan moun yo mete sou kote yo ak moun ki nan peche, ki nan soufrans yo. Prèt ki pote delivrans lan. Konsa chak kretyen Prèt sa a delivre tounen yon prèt ann-

dan Legliz la. Li menm tou li bay lavi I kòm yon kado pou glwa Bondye ak sèvis tout moun, ni sa ki anndan Legliz la, ni sa ki andeyò I (Wm 12,1).

Yon moun ki batize fèt pou patisipe li menm menm nan mèvèy Jezi, Prèt ki ofri lavi I bay Bondye. Se poutèt sa nou di: «Tout moun ki nan pèp Bondye Nouvo Kontra a se Pè yo ye.»

Epi pou kapab toujou gen Prèt k ap kontinye mèvèy Jezi a nan Legliz la, Jezi te mete apot yo ki pral chwazi moun pou ranplase yo: moun sa yo se evèk yo kòm pi wo reskonsab. Epi gen pè ak dyak yo tou. Ni evèk, ni pè, ni dyak nan sèvis kominate moun ki batize yo, fi kou gason. Se yo tout ansanm, men chak moun nan wòl pa I, k ap kontinye sèvis Jezi Prèt Nouvo Kontra a.